Brevard Public Schools, Florida

Non Elèv la	Nimewo Elèv la	Klas	Lekòl	Dat

Lèt Enfòmasyon Pou Paran

Chè Paran / Gadyen:

Lèt sa a se pou enfòme nou ke yon ekip pwofesyonèl edikasyon te rankontre lòtrejou nan lekòl la epi li te diskite bezwen edikatif pitit ou a. Espesyalman, ekip la te diskite sa ki annapre yo:

Manm ekip yo te dakò ke yo bezwen plis enfòmasyon konsènan pwogrè pitit ou a nan lekòl li pou yo ka aplike entèvansyon apwopriye yo avèk pitit ou a. Enfòmasyon sa a ka gen ladann lòt obsèvasyon nan sal klas la ak lòt anviwònman nan lekòl la. Anplwaye lekòl la ka bezwen retounen ak/ouswa fini evalyasyon ak pitit ou an nan domèn ki ka gen ladann vizyon, tande, diskou, lang, akademik, kapasite entelektyèl / kognitif, konpòtman, tretman oswa lòt domèn ki apwopriye. Enfòmasyon ki rasanble pral ede ekip lekòl la satisfè pi byen bezwen edikatif pitit ou a.

Nou vle ou konnen ki sa nou ap fè pou ede pitit ou a nan lekòl la ak kijan pitit ou ap pwogrese. Enfòmasyon yo pral ranmase pou mezire pwogrè akademik ak / oswa sou konpòtman pandan plizyè semèn kap vini yo. Lè sa a, yon konferans pral pwograme avèk ou pou diskite sou enfòmasyon nou jwenn yo. Ou ka kontakte mwen nenpòt ki lè pou diskite pwogrè pitit ou a oswa pale sou nenpòt enkyetid ou genyen.

Paran yo ka mande yon evalyasyon pou edikasyon espesyal nan nenpòt ki lè. Demann lan ka ekri oswa vèbal, men li enpòtan pou dokimante dat demann lan te fèt ak moun li konsène a. Kominike demann ou bay konseye lekòl la, Espesyalis Sipò ESE, oswa administratè nan lekòl pitit ou a; Oswa nan biwo Edikasyon Elèv Eksepsyonel (ESE).

Tanpri, siyen fòm nan pou fèm konnnen ke ou resevwa lèt saa.

---	---	---
Non pwofesè a (prente l)	Siyati Pwofesè a	Telefòn

Kòmantè:

Lèt saa te bay : ☐ Men nan men ☐ pa U.S. Mail/E-mail

Paran/ Gadyen Konplete SeKsyon saa:

Mwen li epi konprann enfòmasyon ki bay nan lèt saa.

_____ _____

Siyati Paran/Gadyen **Dat**

Tanpri siyen anlè a epi remèt pwofesè pitit ou a lèt saa nan lekòl li.